

# Politik pou Èd Finansye ak Swen Byenfèzans

Nan lespri misyon nou an pou sèvi ansanm nan lespri Levanjil la kòm yon prezans gerizon ki konpatisan epi ki ka pote transfòmasyon andedan kominote nou yo, Holy Cross Hospital, yon manm Trinity Health, pran angajman pou bay sèvis swen sante pou tout pasyan selon nesèsite medikal yo.

Pou pasyan ki bezwen èd finansye oubyen k ap fè eksperyans difikilte finansye tanporè, Holy Cross Hospital ofri plizyè èd ak opsyon peman, ki genyen ladan yo swen byenfèzans ak swen ak rabè, plan peman akoutèm ak alontèm, ak kapasite pou peman nan pòtay pasyan anliy.

## *Pasyan ki Pa Asire*

Holy Cross Hospital garanti rabè yo pou tout pasyan ki pa asire ki resevwa sèvis ki nesèse sou plan medikal. Montan rabè pou pasyan ki pa asire yo baze sou **Gid Federal sou Nivo Povrete a** (Federal Poverty Level, FPL). Relve kont pasyan yo ap montre montan rabè ak balans ki ajiste yo dwe a.

Sèvis tankou pwosedi kosmetik, èd pou tande ak swen zye ki pa kouvri nòmalman pa asirans, yo faktire yo nan tarif pakè ki pa gen rabè siplemantè. Nou atann pou tout peman yo fèt nan moman sèvis la.

## *Plan Peman Akoutèm ak Plan Alontèm*

Pasyan ki pa ka peye kèk oswa tout responsablite finansye yo ka kalifye pou plan peman akoutèm ak plan peman alontèm. Plan peman akoutèm Holy Cross Hospital la san enterè e balans pasyan yo dwe peye nan lespas yon ane. Gen plan peman ki pi long ak enterè ki disponib pou pasyan sa yo ki pa ka peye balans yo nan ennan.

## *Politik Èd Finansye / Swen Byenfèzans*

Gen yon rabè 100 pousan pou sèvis ki nesèse sou plan medikal ki disponib pou pasyan ki fè 200 pousan oubyen mwens pase **Gid Federal sou Nivo Povrete a**. Sèvis ochwa tankou chiriji estetik pa antre nan pwogram byenfèzans nou an. Sila yo ki fè ant 200 ak 400 pousan nan **Gid Federal sou Nivo Povrete a** ka kalifye pou yon rabè pasyèl ki egal ak tarif rabè Medicare a. Yo p ap chaje pasyan ki kalifye pou èd finansye plis pase tarif rabè Medicare a.

Kopeman ak dediktib pasyan yo ka kalifye pou tarif ki gen rabè si yon pasyan kalifye pou èd finansye epi li fè mwens pase 200 pousan **Gid Federal sou Nivo Povrete a**.

Gen rabè ki disponib tou pou pasyan sa yo k ap fè fas ak depans katastwofik ki asosye ak swen medikal yo. Depans katastwofik yo fèt lè depans medikal yon pasyan pou yon epizòd



swen depase 20% nan revni li. Nan ka sa yo, kopeman ak dediktib pasyan an pa antre nan rabè a.

Yo ka refize rabè swen byenfezans yo si pasyan yo kalifye pou lòt sous finansman tankou plan Echanj Asirans Sante a (Health Insurance Exchange) oubyen kalifikasyon Medicaid epi yo refize oubyen yo pa vle aplike.

Pou aplike pou èd finansye, tanpri ranpli epi soumèt **aplikasyon** ou jwenn sou sit entènèt (<https://www.holy-cross.com/billing-insurance>). Yon vèsyon konplè Politik Èd Finansye Holy Cross Hospital la disponib tou sou sit entènèt sa.

### *Sèvis Finansye Pasyan*

Konseye finansye yo disponib pou travay ak pasyan yo pou ranpli aplikasyon pou èd finansye a pou detèmine ki asistans ki disponib. Sa enkli evalyasyon kalifikasyon pou Medicaid ak plan Echanj Asirans Sante yo.

Pasyan yo ka kontakte yon konseye nan lopital kote yo gen swen an ki ka ede yo detèmine kalifikasyon pou èd finansye. Konseye finansye yo ka bay kopi gratis Politik Èd Finansye a, Aplikasyon an ak Rezime nan Langaj Klè a. Depatman Konsèy Finansye a (Financial Counseling Department) sitiye nan kanpis prensipal la nan Holy Cross Hospital nan 4725 North Federal Highway, Fort Lauderdale, FL 33308. Nimewo telefòn nan se (954)267-7771. Politik èd finansye a, Aplikasyon an ak Rezime nan Langaj Klè a tradui nan lang sa yo: Espanyòl.

### *Mache Asirans Sante a*

Lwa sou Swen Bon Mache (Affordable Care Act, ACA) a egzije chak moun k ap viv legalman nan peyi Etazini pou genyen asirans sante apati 1 janvye 2014. Li bay plizyè milyon moun ki gen asirans ki twò piti oubyen ki pa gen asirans tou aksè a plan sante nan diferan nivo pri. Lwa a bay èd finansye tou a sila yo ki kalifye dapre gwosè ak revni fanmi yo. Apati 1 oktòb 2013, w ap an mezi pou fè acha nan yon nouvo Mache Asirans Sante anliy, yo rele tou echanj asirans sante, kote ou ka achte nan yon sèl gichè yon plan ki adapte ak bidjè w e neseseite kouvèti ou. Pwochen enskripsyon k ap genyen pou mache echanj asirans sante a se nan novanm 2018.

Seksyon Politik: Konsèy Finansye Pasyan	Seksyon: Sèvis Aksè Pasyan
Dat Antre Anvigè: 1/7/2016	Prepare Pa: Gregory Phillips
Dat Revizyon: 01/10/99, 25/5/00, 11/10/01, 24/12/01, 11/4/02, 04/4/03, 1/9/04, 27/3/06, 26/1/07, 23/1/08, 12/3/10, 18/10/2010, 22/11/2010, 28/3/2011, 1/8/2014	Apwouve Pa: Konsèy Administrasyon
Tit: <b>POLITIK ÈD FINANSYE</b>	

## OBJEKTIF

Holy Cross Hospital ("HCH") se yon manm Trinity Health System. Trinity Health se yon kominote moun k ap sèvi ansanm nan lespri Levanjil la kòm yon prezans gerizon konpatisan epi ki ka pote transfòmasyon nan kominote nou yo. Nou bay swen pou moun ki nan bezwen e nou bay konsiderasyon espesyal pou sila yo ki pi frajil yo sou menm liy ak Valè Fondamantal nou yo, an patikilye "Angajman A Sila Ki Pòv yo", ki enkli sila yo ki pa an mezi pou peye ak sila yo ki pa ka peye ak sila mwayen limite yo rann li ekstrèmman difisil pou yo reponn a depans swen sante yo fè. Holy Cross Hospital pran angajman pou:

- Bay aksè a sèvis swen sante de kalite, ak konpasyon, diyite e respè pou sila yo n ap sèvi yo, an patikilye pòv ak defavorize yo nan kominote nou yo;
- Pran swen tout moun kèlkeswa kapasite yo pou peye pou sèvis yo; epi
- Ede pasyan ki pa ka peye yon pati oubyen tout swen ke yo resevwa.

## PWOSEDI

Pwosedi Èd Finansye pou Pasyan yo (Financial Assistance to Patients, "FAP") souliyen anba a. FAP a deziyen pou reponn a bezwen pasyan yo pou èd finansye ak pou sipò pandan y ap chèche sèvis nan Holy Cross Hospital. Li aplike pou tout sèvis ki kalifye jan lalwa eta oubyen federal ki aplike a prevwa. Pou detèmine sou baz endividyèl kalifikasyon pou èd finansye ak sipò nan men HCH, yo itilize kritè presi epi evalye sou yon estimasyon bezwen swen sante, resous finansye ak obligasyon pasyan an ak/oswa fanmi li.

### I. Kritè Kalifikasyon pou Èd Finansye

a. Sèvis ki kalifye pou Sipò Finansye:

- i. Tout sèvis ki nesèsè sou plan medikal, ki enkli sèvis medikal ak sèvis sipò HCH bay, ap kalifye pou Sipò Finansye.
  - ii. Y ap bay sèvis swen medikal ijans yo a tout pasyan ki prezante nan depatman ijans HCH, kèlkeswa kapasite pasyan an pou peye. Swen medikal sa yo ap kontinye jiskaske pwoblèm pasyan an estabilize — anvan tout detèminasyon aranjman pou peman.
- b. Sèvis ki pa kalifye pou Sipò Finansye:
- i. Sèvis kosmetik ak lòt pwosedi ak sèvis ochwa ki pa nesèsè sou plan medikal.
  - ii. Sèvis ke HCH pa bay ni faktire (*pa egzanp.* sèvis doktè endepandan, swen enfimye prive, transpò anbilans, elatriye).
  - iii. Jan Seksyon II a prevwa, HCH ap ede pasyan yo nan fason ki gen inisyativ aktif pou aplike pou pwogram piblik ak prive. HCH ap refize Sipò Finansye a sila yo ki pa kowopere nan aplikasyon pou pwogram yo ki ka peye pou sèvis swen sante yo.
  - iv. HCH ap retire sèvis ki kouvri pa yon pwogram asirans kay yon lòt founisè men ki pa kouvri nan HCH apre efò ki fèt pou edike pasyan yo sou limit kouvèti pwogram asirans yo e depi obligasyon Lwa sou Tretman Medikal Ijans ak Tranche Aktif la (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA) yo satisfè.
- c. Obligasyon rezidans
- i. HCH ap bay Sipò Finansye a pasyan ki abite andedan zòn sèvis li yo ki kalifye dapre pwosedi HCH FAP a.
  - ii. HCH ap idantifye Zòn Sèvis nan FAP li yo ki genyen ladan yo enfòmasyon sou Zòn Sèvis la nan konsepsyon pwosedi a. HCH ap verifye zòn sèvis yo nan tèt ansanm avèk depatman Benefis Kominotè lokal li a. Pou detèmine kalifikasyon an HCH ap itilize kòd postal rezidans prensipal pasyan an.
  - iii. HCH ap bay Sipò Finansye a pasyan ki pa nan Zòn Sèvis li yo ki kalifye dapre HCH FAP e ki prezante avèk yon pwoblèm ijans pwoblèm ljan oubyen ki menase lavi.
  - iv. HCH ap bay Sipò Finansye pou pasyan yo idantifye kòm moun ki bezwen sèvis pwogram misyon doktè etranje yo ke pèsònèl medikal aktif fè ki te resevwa apwobasyon nan men Prezidan oubyen reprezantan HCH anvan.
- d. Dokimantasyon pou Etabli Revni an

- i. Enfòmasyon pasyan an ak/oubyen fanmi an bay HCH ap genyen ladan yo revni nan travay, ki enkli salè brit pa mwa, salè ak revni travay endepandan; revni san travay tankou pansyon, benefis retrèt, dividand, enterè ak Revni ki soti nan lòt sous; kantite depandan nan fanmi an; ak lòt enfòmasyon yo mande nan aplikasyon FAP a.
- ii. HCH ap site dokimantasyon sipò tankou souch chèk pewòl, deklarasyon revni, ak istorik kredi yo egzije pou aplike pou èd finansye nan FAP oubyen nan aplikasyon FAP a. HCH p ap refize Sipò Finansye akòz ou pa bay enfòmasyon oubyen dokimantasyon ke fòm FAP oubyen aplikasyon FAP a pa mande espesyalman.
- iii. HCH ap bay pasyan ki soumèt yon aplikasyon FAP ki pa konplè yon avi ekri ki dekri enfòmasyon ak/oswa dokimantasyon adisyonèl li dwe soumèt nan 30 jou oplita apati dat avi ekri a pou konplete aplikasyon FAP a. Avi a ap bay enfòmasyon kontak pou kesyon konsènan enfòmasyon ki manke yo. HCH ap kòmanse ECA yo si pasyan an pa soumèt enfòmasyon ak/oswa dokimantasyon ki manke yo nan 30 jou peryòd pou re-soumèt la e sa fè omwen 120 jou apati de dat HCH te bay relve fakti apre egzeyat pou swen an. HCH ap trete aplikasyon FAP a si pasyan an bay enfòmasyon/oswa dokimantasyon ki manke a pandan peryòd aplikasyon 240 jou a (oubyen, si se pi ta, nan 30 jou peryòd pou re-soumèt la oplita).

e. Konsiderasyon Byen Pasyan an

- i. HCH te etabli yon nivo aktif ke y ap itilize byen pasyan/fanmi an pou peman depans medikal yo si li depase I, ak responsablite pou yo konsidere nan evalyasyon resous finansye pasyan an yo.

Byen ki Pwoteje:

- 50% kapital nan rezidans prensipal jiska \$50,000;
- Veyikil ki itilize pou Biznis;
- Zouti oswa ekipman yo itilize pou biznis; ekipman rezonab ki nesesè pou kontinye biznis;
- Pwopriyete pou itilizasyon pèsònèl (rad, atik menaje, mèb);
- IRA, 401K, plan retrèt an valè kach;
- Konpansasyon finansye ou resevwa ki soti nan ijans katastwofik ki pa medikal;
- Obligasyon irevokab pou motif antèman, plan lan tèman ki peye davans; ak/oswa
- Plan ekonomi pou inivèsite ki jere pa Federal/Eta a.

Tout lòt byen yo ap konsidere disponib pou peman depans medikal. Yo ka itilize byen ki disponib ki depase nivo ki etabli a pou peye depans medikal oubyen kòm altènatif, HCH ka konte byen disponib ki depase yo kòm Revni

pou ane aktyèl la lè l ap etabli nivo rabè pou ofri pasyan an. Montan minimòm byen pwoteje a se \$5,000.

f. Sipò Ipotetik

- i. HCH rekonèt ke se pa tout pasyan ki an mezi pou bay enfòmasyon finansye ki konplè. Kidonk, yo ka detèmine apwobasyon pou Sipò Finansye sou baz enfòmasyon limite ki disponib la. Lè yo akòde apwobasyon sa, yo klase l kòm “Sipò Ipotetik”.
- ii. Modèl ipotetik la se youn nan efò rezonab ke HCH ap itilize pou idantifye pasyan ki ka kalifye pou èd finansye anvan yo kòmanse aksyon koleksyon, *sètadi*. pase ekriti pou kont yon pasyan nan move dèt epi refere l bay yon ajans koleksyon. Modèl ipotetik la pèmèt HCH idantifye otomatikman pasyan ki nan nesosite yo.
- iii. Egzanp ka ipotetik yo genyen ladan yo:
  - Pasyan ki mouri ki pa gen okenn byen yo rekonèt
  - Pasyan sanzabri
  - Pasyan ki p ap travay
  - Sèvis ki nesèsè sou plan medikal ki pa kouvri yo bay a pasyan ki kalifye pou pwogram asistans piblik
  - Pasyan ki fè fayit
  - Manm òganizasyon relijye ki te fè yon ve povrete e ki pa gen resous pèsònèlman oubyen atravè lòd relijye a

Pou pasyan ki pa reponn a pwosesis aplikasyon FAP a, y ap itilize lòt sous enfòmasyon, si disponib, pou fè yon evalyasyon endividyèl de bezwen finansye yo. Enfòmasyon sa ap pèmèt HCH fè yon desizyon ki enfòmè sou bezwen finansye pasyan ki pa reponn yo.

- iv. Nan objektif pou ede pasyan ki gen nesosite finansye yo, yo ka itilize yon twazyèm pati pou mennen yon revizyon sou enfòmasyon pasyan an pou evalye bezwen finansye yo. Revizyon sa itilize yon modèl previzib, sektè swen sante a rekonèt ki baze sou baz done dosye piblik yo. Dosye piblik sa yo pèmèt HCH evalye si pasyan an gen karakteristik lòt pasyan ki te kalifye sou plan istorik pou èd finansye dapre pwosesis aplikasyon tradisyonèl la. Nan ka kote genyen yon absans enfòmasyon pasyan an bay dirèkteman, e apre efò pou konfime disponiblite kouvèti a fini, modèl ipotetik la bay yon metòd otomatik pou akòde kalifikasyon ki ipotetik a pasyan ki gen nesosite finansye yo.
- v. Sizoka yon pasyan pa kalifye dapre modèl ipotetik la, pasyan an ka toujou bay enfòmasyon sipò nan delè ki etabli a epi pou konsidere l nan pwosesis aplikasyon pou èd finansye tradisyonèl la.

- vi. Y ap ajiste kont pasyan yo akòde sitiyaasyon sipò ipotetik la pa mwaen itilizasyon kòd tranzaksyon *Sipò Finansye Ipotetik* nan moman yo jije kont lan pa ka kolekte a e anvan yo refere l bay koleksyon oubyen pase ekriti pou move dèt. Rabè yo akòde a ap klase kòm Sipò Finansye; yo p ap voye kont pasyan an nan koleksyon e yo p ap mete l nan depans move dèt HCH.
  - vii. HCH ap avize pasyan yo detèmine ki kalifye pou mwens pase èd ki pi jenere ki disponib dapre FAP a ke li ka aplike pou èd ki pi jenere ki disponib dapre FAP nan lespas 30 jou apre avi a. Detèminasyon yon pasyan ki kalifye pou mwens pase èd ki pi jenere a baze sou eta sipò ipotetik oubyen yon desizyon kalifikasyon FAP anvan. Anplis, HCH ap kòmanse oswa rekòmanse ECA yo si pasyan an pa aplike pou èd ki pi jenere a nan 30 jou apre avi a e si sa fè omwen 120 jou apati de dat HCH te bay relve fakti apre egzayat. HCH ap trete tout nouvo aplikasyon pou FAP ke pasyan an soumèt nan fen peryòd aplikasyon 240 jou a oswa, si li pi ta, nan fen peryòd 30 jou yo bay pou aplike pou èd ki pi jenere a.
- g. Delè pou Etabli Kalifikasyon Finansye a
- i. Y ap fè tout efò pou detèmine elijiblite yon pasyan pou Sipò Finansye anvan oubyen nan moman admisyon oubyen sèvis la. Y ap aksepte aplikasyon FAP nenpòt lè pandan peryòd aplikasyon an. Peryòd aplikasyon an kòmanse jou yo bay swen an epi li fini nan sa ki pi ta ant 240 jou apre premye relve fakti apre egzayat pasyan an oubyen swa:
    - i. fen peryòd yon pasyan ki kalifye pou mwens pase èd ki pi jenere ki disponib la, ki baze sou sitiyaasyon sipò ipotetik oubyen yon desizyon kalifikasyon FAP anvan, e ki te aplike ou pou èd finansye ki pi jenere a; oubyen
    - ii. dat limit yo bay nan yon avi ekri apre ECA a ka kòmanse.
- HCH ka asepte epi trete yon aplikasyon FAP yo soumèt apre peryòd aplikasyon an sou yon baz ka pa ka jan HCH otorize nivo apwobasyon ki etabli yo.
- ii. HCH (oubyen lòt pati ki otorize) ap ranbouse tout montan pasyan an te peye pou swen ki depase montan yo detèmine li responsab pèsonèlman pou peye antanke yon pasyan FAP ki kalifye, sof si montan ki depase sa mwens pase \$5 (oubyen lòt montan ki fikse pa avi oubyen lòt gid ki pibliye nan Bilten Revni Entèn nan. Ranbousman peman yo obligatwa sèlman pou pati swen kote aplikasyon FAP a aplike a.
  - iii. Y ap pran desizyon pou Sipò Finansye yo apre tout efò pou kalifye pasyan an pou èd finansye gouvènman oubyen lòt pwogram yo fin itilize.

- iv. HCH ap fè tout efò pou pran yon desizyon Sipò Finansye nan moman ki apwopriye. Si gen lòt mwayen Sipò Finansye k ap pouswiv, HCH ap kominike ak pasyan an konsènan pwosesis ak delè desizyon yo prevwa a e yo pa dwe tante fè efò koleksyon pandan y ap pran desizyon sa.
- v. Apre yo fin detèmine kalifikasyon pou Sipò Finansye a, y ap fè lòt revizyon pou kalifikasyon ki kontinye pou sèvis siplemantè yo chak 90 jou.

#### h. Nivo Sipò Finansye

- i. HCH swiv gid Revni ki etabli anba a pou evalye kalifikasyon yon pasyan pou Sipò Finansye. Yo itilize yon pousantaj Gid Federal sou Nivo Povrete a (Federal Poverty Level, FPL), ki mete ajou chak ane, pou detèmine kalifikasyon yon pasyan pou Sipò Finansye. Men, y ap konsidere lòt faktè tankou eta finansye pasyan an ak/oswa kapasite pou peye jan li detèmine pa mwayen pwosesis evalyasyon an.
- ii. Revni Fanmi ki nan nivo oubyen ki pi ba pase 200% Gid Federal sou Nivo Povrete yo:  

Y ap fè yon rabè 100% pou tout frè pou Pasyan ki Pa Asire ke Revni Fanmi yo nan nivo oubyen pi ba pase 200% Gid Federal sou Nivo povrete ki pi resan an.
- iii. Revni Fanmil ki ant 201% e 400% Gid Federal sou Nivo Povrete yo:
  - i. Y ap fè yon rabè sou montan total frè yo ki egal a ajisteman kontraktiyèl mwayen pou swen aktif HCH pou Medicare pou pasyan ki nan swen aktif ke Revni Fanmi yo ant 201% e 400% Gid Federal sou Nivo Povrete yo.
  - ii. Y ap fè yon rabè sou montan frè total yo ki egal a ajisteman kontraktiyèl doktè HCH pou Medicare pou pasyan anbilan ke Revni Fanmi yo ant 201% e 400% Gid Federal sou Nivo Povrete yo.
  - iii. Montan ajisteman kontraktiyèl egi ak pou doktè HCH yo pou Medicare kalkile ak itilizasyon metodoloji retwograd pou kalkile sòm reklamasyon yo peye yo, divize pa frè total oswa frè "brit" pou reklamasyon sa yo pa Biwo Sistèm lan oubyen HCH chak ane avèk itilizasyon douz mwa reklamasyon peye avèk yon dekalaj 30 ant dat rapò a ak dat egzemat ki pi resan an.
- iv. Pasyan Revni Fanmi yo rive jiska 200% Gid Federal sou Nivo Povrete yo ap kalifye pou Sipò Finansye pou montan kopeman, dediktib ak ko-asirans depi aranjman kontraktiyèl ak konpayi asirans pasyan an pa entèdi pou yo bay asistans sa.



- v. Sipò Endijan sou Plan Medikal / Katastwofik: Yo bay sipò finansye tou pou pasyan ki endijan sou plan medikal. Gen endijans medikal lè yon moun pa an mezi pou peye kèk oubyen tout fakti medikal yo akòz depans medikal yo depase yon sèten pousantaj nan Revni Fanmi yo (pa egzanp, akòz depans oubyen pwoblèm katastwofik), san konsiderasyon sou si yo genyen revni oubyen byen ki depase obligasyon kalifikasyon finansye otreman pou Swen Gratis oubyen Swen ak Rabè dapre HCH FAP. Gen depans oubyen pwoblèm katastwofik lè gen yon pèt travay, lanmò moun ki gen salè prensipal la, twòp depans medikal oubyen lòt evènman regretab. Y ap evalye sikonstans endijans medikal/katastwofik yo sou yon baz ka pa ka ki genyen ladan l yon revizyon Revni, depans ak byen pasyan an yo. Si yon pasyan ki pa asire deklare sikonstans katastwofik epi aplike pou èd finansye, depans medikal pou yon pati swen ki depase 20% revni ap kalifye kopeman ak dediktib pasyan an pou èd swen byenfezans katastwofik. Rabè pou swen endijan sou plan medikal pou moun ki pa asire p ap pi piti pase montan ajisteman kontraktyèl mwayen HCH pou Medicare pou sèvis yo bay yo oubyen yon montan pou retounen depans medikal katastwofik pasyan an a tarif Revni an a 20%. CFO HCH la ap apwouve èd finansye endijan sou plan medikal ak katastwofik epi rapòte bay Direktè Finansye Biwo Administrasyon an.
- vi. Alòske yo ta dwe fè Sipò Finansye a annakò avèk kritè ekri HCH etabli yo, yo rekonèt kèk fwa ap genyen yon bezwen pou Sipò Finansye sipleman pou pasyan ki baze sou konsiderasyon endividyèl. Konsiderasyon endividyèl sa yo ap apwouve pa CFO HCH la epi rapòte bay Direktè Finansye Biwo Administrasyon an.
- i. Kontablite ak Rapò pou Sipò Finansye
- i. Konfòmeman avèk Prensip Kontab yo Aksepte Anjeneral yo, Sipò Finansye Trinity Health bay anrejistre otomatikman epi nan fason ki egzak nan deklarasyon finansye a kòm yon dediksyon nan revni nan kategori “Swen Byenfezans”. Nan objektif rapò Benefis Kominotè, yo rapòte swen byenfezans nan depans yo estime ki asosye ak previzyon sèvis “Swen Byenfezans” yo annakò avèk Asosyasyon Sante Katolik.
- ii. Yo bay enstriksyon sa yo pou anrejistreman eta finansye pou Sipò Finansye:
- Y ap anrejistre Sipò Finansye yo bay a pasyan dapre dispozisyon “Pwogram Èd Finansye” a, ki genyen ladan l ajisteman pou montan yo aksepte anjeneral kòm peman pou pasyan ki gen asirans, kòm “Alokasyon Swen Byenfezans.”
  - Ekriti frè pou pasyan ki pa kalifye pou Sipò Finansye dapre Pwosedi sa e ki pa peye pou sèvis yo resevwa a ap anrejistre kòm “Move Dèt.”
  - Y ap anrejistre rabè ki peye rapid yo nan “Kontra Alokasyon.”

- Kont okòmansman yo te pase ekriti kòm move dèt e ki te retounen sot nan ajans koleksyon kote pasyan an detèmine reponn a kritè Sipò Finansye ki baze sou enfòmasyon yo jwenn nan ajans koleksyon an ap re-klasifye soti nan “Move Dèt” pou pase nan “Alokasyon Swen Byenfèzans”.

## II. Ede pasyan Ki Ka Kalifye pou Kouvèti

- a. HCH ap fè efò ki pozitif pou ede pasyan ki aplike pou pwogram piblik ak prive ke yo ka kalifye pou yo e ki ka ede yo jwenn sèvis swen sante epi peye pou yo. Yo ka akòde Èd pou prim tou sou yon baz desizyon dapre pwosedi Trinity Health “Peman Prim QHP ak Pasyan” an yo.
- b. HCH ap genyen pwosedi ekri ki konpreyansib pou ede pasyan yo detèmine si yo kalifye pou pwogram asistans piblik oubyen pou HCH FAP.

## III. Kominikasyon Efikas

- a. HCH ap bay konsèy finansye a pasyan yo konsènan fakti swen sante ki asosye ak sèvis yo resevwa nan HCH yo e l ap fè konnen disponiblite konsèy sa yo.
- b. HCH ap reponn rapidman epi nan fason ki koutwa a kesyon pasyan yo konsènan fakti yo ak demand pou èd finansye yo.
- c. HCH ap itilize yon pwosesis faktirasyon ki klè, konsi, kòrèk e ki konvenab pou pasyan yo.
- d. HCH ap rann enfòmasyon sou frè yo disponib pou sèvis yo bay nan yon fòm ki konpreyansib.
- e. HCH ap pibliye siy epi afiche bwochi ki bay enfòmasyon debaz sou FAP li a nan sal ijans, zòn admisyon ak lòt plas piblik nan HCH.
- f. HCH ap rann yon kopi an papyè rezime nan langaj klè disponib de FAP a pou pasyan yo nan kad pwosesis admisyon oubyen egzemat la. HCH p ap manke pibliye FAP li a an gran paske yon moun refize yon rezime nan langaj klè ke yo te ofri l nan admisyon oubyen anvan egzemat oubyen endike li ta prefere resevwa rezime nan yon langaj klè nan fason elektwonik pito.
- g. HCH ap rann FAP a, yon rezime nan langaj klè FAP a ak fòm aplikasyon FAP a disponib pou pasyan yo sou demand nan sal ijans lan, zòn admisyon yo, ak lòt plas piblik nan HCH; pa lapòs; ak sou sit entènèt HCH la. Tout moun ki gen aksè sou Entènèt ap an mezi pou wè, telechaje epi enprime yon kopi fizik de dokiman sa yo. HCH ap bay tout moun ki mande kijan pou gen aksè a yon kopi FAP a,

fòm aplikasyon FAP a, oswa rezime nan langaj klè FAP a anliy ak adrès sit entènèt dirèk la, oubyen URL la, kote dokiman sa yo afiche.

- h. HCH ap site non doktè endividyèl yo, gwoup pratik yo oswa tout lòt antite ki bay swen ijans oubyen swen ki nesèsè sou plan medikal nan HCH avèk non yo te itilize swa pou fè kontra ak lopital la oubyen pou faktire pasyan yo pou swen yo bay la.
- i. Dokiman sa yo ap disponib an Anglè ak nan lang prensipal tout popilasyon ki gen nivo metriz lang Anglè ki limite ki konstinye pou pi piti 1,000 moun oubyen 5 pousan nan kominote HCH desèvi a.
- j. HCH ap pran mezi pou avize manm kominote HCH desèvi yo konsènan FAP a. Mezi sa yo genyen ladan yo, pa egzanp, distribisyon fich enfòmasyon ki fè rezime FAP a bay ajans piblik lokal ak òganizasyon ki pa pou pwofi ki abòde bezwen sante popilasyon ki gen ti revni nan kominote yo.
- k. HCH ap genyen yon avi ekri ki vizib sou relve fakti a ki avize epi enfòm benefisyè yo de disponiblite èd finansye dapre FAP HCH la e ki enkli nimewo telefòn depatman HCH ki ka bay enfòmasyon sou FAP a, pwosesis aplikasyon FAP a ak adrès sitwèb dirèk (oubyen URL) kote ou ka jwenn kopi FAP, fòm aplikasyon FAP, ak rezime nan langaj klè FAP a.
- l. HCH ap evite kòmanse ECA(yo) jiska 120 jou apre yo bay pasyan an premye relve fakti apre egzemat la pou pati swen an, ki genyen ladan yo pati swen ki pi resan an pou fakti ki pa peye ki regwoupe pou faktire pasyan an. HCH ap asire tou ke tout kontra vandè pou biznis ki asosye k ap fè aktivite koleksyon yo ap genyen yon kloz oubyen plizyè kloz ki anpeche ECA(yo) jiska 120 jou apre yo bay pasyan an premye relve fakti apre egzemat la pou pati swen an, ki genyen ladan yo pati swen ki pi resan an pou fakti ki pa peye ki regwoupe pou faktire pasyan an.
- m. HCH ap bay pasyan yo yon avi alekri ki endike èd finansye ki disponib pou pasyan ki kalifye yo, idantifye ECA ke HCH (oswa lòt antite otorize) gen entansyon kòmanse pou jwenn peman pou swen an, epi l ap fikse yon dat limit, kote apre dat limit la yo ka kòmanse ECA(yo) ki pa pi bonè pase 30 jou apre dat yo te bay avi alekri a. HCH ap enkli yon rezime nan langaj klè FAP a ak avi ekri a epi fè efò ki rezonab pou avize pasyan an nan bouch konsènan FAP HCH ki disponib pou pasyan an ka jwenn asistans nan pwosesis aplikasyon FAP a.
- n. Nan ka yo repòte oubyen refize dosye a, oubyen yo mande yon peman pou bay swen ki nesèsè sou plan medikal akòz yon moun pa peye youn oubyen plizyè fakti pou swen yo bay deja ki kouvri sou FAP HCH la, HCH ka avize moun nan de FAP li a nan mwens pase 30 jou anvan li kòmanse ECA a. Men, pou evite eksepsyon sa, HCH dwe satisfè plizyè kondisyon. HCH dwe:

- i. Bay pasyan an yon fòm aplikasyon FAP a (pou asire ke pasyan an ka aplike imedyatman, si li nesèsè) epi avize pasyan an alekri de disponiblite èd finansye a pou moun ki kalifye ak dat limit lan, si genyen, kote apre dat limit sa HCH p ap aksepte ni trete ankò yon aplikasyon FAP pasyan an soumèt pou swen yo bay anvan an. Dat limit sa pa dwe pi bonè pase 30 jou apre dat yo te bay avi ekri a oubyen 240 jou apre dat premye relve fakti apre-egzeyat la pou swen yo te bay deja a. Alò, byenke ECA ki enplike yo repòte oubyen refize swen an ka fèt imedyatman apre yo te bay avi obligatwa ekri (ak oral la), yo dwe bay pasyan an omwen 30 jou apre avi a pou soumèt yon aplikasyon FAP pou swen yo bay deja a.
- ii. Avize pasyan an sou FAP a pa mwayen yon rezime-nan langaj klè FAP a epi pa mwayen avi yo bay pasyan an nan bouch de FAP HCP a ak konsènan fason pasyan an ka jwenn èd ak pwosesis aplikasyon FAP a.
- iii. Trete aplikasyon sou yon baz akselere, pou asire ke swen ki nesèsè sou plan medikal la pa retade san li pa nesèsè si yo soumèt yon aplikasyon.

Efò rezonab modere ki diskite anwo yo pa nesèsè nan ka sa yo:

- i. Si 120 jou pase depi premye fakti apre-egzeyat la pou swen yo bay anvan e HCH te deja avize pasyan an de ECA yo prevwa a (yo).
  - ii. Si HCH te deja detèmine si pasyan an te kalifye pou FAP-pou swen an kesyon ke yo te bay deja a sou yon aplikasyon FAP konplè oubyen yo te detèmine pasyan an te kalifye pou FAP-anvan pou swen yo bay deja a.
- o. HCH ap bay avi ekri ke li pa dwe anyen si yo detèmine yon pasyan kalifye pou Swen Gratis.
  - p. HCH ap bay pasyan ke yo detèmine ki kalifye pou èd ki pa Swen Gratis, yon relve fakti ki endike montan pasyan an dwe pou swen an antanke yon pasyan ki kalifye pou FAP. Relve a ap dekri tou kijan montan sa te detèmine oubyen kijan pasyan an ka jwenn enfòmasyon konsènan kijan montan an te detèmine.

#### **IV. Pratik Faktirasyon ak Koleksyon ki Jis**

- a. HCH ap mete anplas pratik faktirasyon ak koleksyon pou obligasyon peman pasyan yo ki jis, konsistan epi konfòm ak lwa eta ak règlemantasyon federal yo.
- b. HCH ap rann li disponib pou tout pasyan ki kalifye, yon plan peman san enterè akoutèm ki gen delè peman ki define ki baze sou balans kont lan ki pako peye. HCH ap ofri tou yon pwogram prè pou pasyan ki kalifye yo.

- c. HCH ap genyen pwosedi ki ekri ki mete aksan sou kilè e sou ki otorite yo avanse dèt yon pasyan pou aktivite koleksyon ekstèn ki konfòm ak Pwosedi sa.
- d. HCH oubyen yon ajan koleksyon nan non yo ka pouswiv aktivite koleksyon sa yo:
  - i. Kominike ak pasyan yo ak reprezantan yo (rele, korespondans ekri, faks, tèks, imèl, elatriye) nan konfòmite ak Lwa sou Koleksyon Dèt ki Jis la, ki idantifye HCH klèman. Kominikasyon pasyan an ka reponn tou ak règlemantasyon sou privasite HIPAA yo.
  - ii. Solisite pòsyon obligasyon peman pasyan an nan moman sèvis la nan konfòmite ak règlemantasyon EMTALA ak lwa eta yo.
  - iii. Bay pwogram prè ak enterè ki ba pou dèt ki pako peye pou pasyan ki genyen kapasite pou peye men ki pa ka reponn a obligasyon peman akoutèm yo.
  - iv. Rapòte dèt ki pako peye yo bay Biwo Kredi yo sèlman apre tout aspè Pwosedi legal sa te aplike e apre efò koleksyon rezonab yo te fin fèt nan konfòmite ak FAP HCH la.
  - v. Pouswiv aksyon nan lajistis pou moun ki gen mwayen pou peye, men ki pa peye oubyen ki pa vle peye yo. Yo ka pouswiv aksyon legal tou pou pòsyon montan ki pa peye a apre aplikasyon FAP HCH la. Yo dwe jwenn yon apwobasyon Direktè Jeneral oubyen Direktè Finansye Trinity Health anvan pou kòmanse yon pouwit jidisyè oubyen anvan yo lanse yon aksyon nan lajistis pou jwenn yon jijman (sètadi sezi salè, egzamen moun ki dwe a).
  - vi. Mete sezi sou pwopriyete pou moun ki gen mwayen pou peye, men ki pa peye oubyen ki pa vle peye yo. Yo ka mete sezi pou pòsyon montan ki pa peye a apre aplikasyon FAP HCH la. Plasman yon sezi egziye apwobasyon Direktè Jeneral/Direktè Finansye Trinity Health oubyen HCH. Sezi sou rezidans prensipal ka fèt sèlman sou vant pwopriyete a e l ap pwoteje kèk byen devalè nan pwopriyete a jan li dokimante nan Pwosedi FAP a.
- e. HCH (oubyen yon ajan koleksyon nan non yo) pa dwe pouswiv aksyon kont moun ki dwe a, tankou manda arestasyon oubyen “sezi fizik.” HCH rekonèt ke yon tribinal ka enpoze yon manda arestasyon oubyen lòt aksyon ki menm jan kont yon akize paske li pa soumèt a lòd tribinal la oubyen pou lòt vyolasyon lalwa ki asosye ak yon efò koleksyon. Alòske nan ka ekstrèm yon moun evite epi pa peye yon montan jis lè gen resous apwopriye ki disponib pou fè sa, yo ka emèt yon manda tribinal; anjeneral, HCH ap itilize efò li dabò pou konvenk otorite piblik yo pou pa fè aksyon konsa e, si sa pa reyisi, l ap konsidere aksyon ki apwopriye pou kanpe efò koleksyon an pou evite yon aksyon kont moun ki dwe a.

- f. HCH (oubyen yon ajan koleksyon nan non yo) ap pran tout mezi ki rezonab pou anile ECA ki asosye ak montan pasyan kalifye pou FAP ki pa dwe ankò a.
- g. HCH ka genyen yon aranjman ak yon ajans koleksyon ki apwouve pa Sistèm Biwo, depi akò sa reponn a kritè sa yo:
  - i. Akò ak yon ajans koleksyon dwe alekri;
  - ii. Ni HCH ni ajans koleksyon an pa dwe nan okenn moman pouswiv aksyon kont moun ki dwe a, tankou manda arestasyon oubyen “sezi fizik.”
  - iii. Akò a dwe defini nòm ak limit pratik pou ajan koleksyon ekstèn k ap aji nan non HCH yo itilize, pou tout nan konfòmite ak Pwosedi sa;
  - iv. Ajans koleksyon an pa ka tante okenn aksyon nan lajistis san pèmision ekri HCH anvan;
  - v. Sèvis Legal Trinity Health yo dwe apwouve tout tèm ak kondisyon angajman avoka ki reprezante HCH nan koleksyon kont pasyan yo;
  - vi. Tout desizyon konsènan fason pou avoka a jere reklamasyon an, pou konnen si pou tante yon aksyon, si reklamasyon an dwe konpwomèt oubyen regle, si reklamasyon an dwe retounen nan HCH, e tout lòt kesyon ki asosye ak rezolisyon reklamasyon an dwe fèt pa HCH nan tèt ansanm avèk Sèvis Legal Trinity Health yo;
  - vii. Tout demand pou aksyon nan lajistis pou jwenn yon jijman (*i.e.*, sezi, arè, egzamen moun ki dwe a) dwe apwouve alekri epi alavans pou sa ki konsène chak kont pa reprezantan HCH ki apwopriye a jan li detaye nan seksyon (IV)(d)(v);
  - viii. HCH rezève dwa pou kanpe aksyon koleksyon yo nenpòt lè pou sa ki konsène nenpòt kont presi; e
  - ix. Ajans koleksyon an dwe dakò pou endemnize HCH pou tout vyolasyon tèm akò ekri li a ak HCH.

## V. Aplikasyon Politik ki Egzak epi Koyeran

- a. Reprezantan Sèvis Finansye Pasyan HCH la ak depatman Aksè Pasyan yo ap edike manm pèsònèl ki travay sere ak pasyan (ki enkli sila yo ki travay nan enskripsyon ak admisyon pasyan yo, èd finansye, sèvis kliyan, faktirasyon ak koleksyon, biwo doktè yo) konsènan faktirasyon, èd finansye, politik ak pratik koleksyon, ak tretman tout pasyan ak diyite ak respè kèlkeswa sitiyasyon asirans oubyen kapasite yo pou peye pou sèvis yo.

- b. HCH ap onore angajman Sipò Finansye ki te apwouve dapre gid èd finansye anvan yo.

## VI. Lòt Rabè

- a. Rabè pou Peman Rapid: HCH te devlope yon pwogram rabè pou peman rapid ki limite a balans ki egal oubyen pi gwo pase \$200.00 e ki pa pi plis pase 20% balans yo dwe a. Yo dwe ofri rabè pou peman rapid la nan moman sèvis la epi anrejistre l kòm yon ajisteman kontra e li pa ka anrejistre kòm swen byenfeyans nan eta finansye yo.
- b. Rabè pou Peman Pèsonèl: HCH aplike yon rabè sou frè pou peman pèsonèl nòmal pou tout pasyan ki enskri pou peman pèsonèl ki pa kalifye pou èd finansye yo (pa egzanzp, >400% FPL) ki baze sou tarik komèsyal ki pi wo yo peye a.
- c. Rabè Sipleman: Yo ka fè ajisteman ki depase pousantaj rabè ki dekri nan Pwosedè sa sou yon baz ka pa ka dapre yon evalyasyon sou kapasite pou kolekte kont lan epi ki otorize pa nivo apwobasyon ki etabli nan HCH yo.

Si yon dispozisyon nan FAP sa gen konfli ak obligasyon lalwa eta kote Trinity Health RHM ap fonksyone a, lwa eta a ap anile dispozisyon ki gen konfli a e RHM ap aji nan konfòmite ak lwa eta ki aplike a.

## VII. LIMIT/KAPASITE POU APLIKE

Pwosedè sa aplike pou tout RHM Trinity Health yo ki fonksyone kòm lopital otorize ki egzante de taks yo. Òganizasyon Trinity Health ki pa fonksyone kòm lopital otorize ki egzante de taks ka etabli pwòp pwosedè èd finansye yo pou lòt sèvis swen sante yo bay e nou ankouraje yo itilize kritè ki etabli nan pwosedè FAP sa kòm gid.

Pwosedè sa baze sou yon "Politik Miwa" Trinity Health. Konsa, yo egzije tout RHM ak Filyal Trinity Health ki fonksyone kòm lopital otorize ki egzante de taks yo adopte yon Pwosedè lokal ki "reflete" (*sètadi*, menm jan ak) Pwosedè biwo Sistèm lan. Ou dwe voye kesyon ki gen rapò ak sa bay Biwo Konsèy Jeneral Trinity Health la.

## DEFINISYON

**Peryòd Aplikasyon** an kòmanse jou yo bay swen an epi li fini pou pi ta nan 240 apre yo te bay premye relve fakti apre egzèyat la a pasyan an oubyen swa --

- i. nan fen peryòd 30 jou pou pasyan ki kalifye pou mwens pase èd ki pi jenere ki disponib yo ki baze sou sitiyasyon sipò ki ipotetik oubyen anvan yo bay kalifikasyon FAP pou aplike pou èd ki pi jenere a.
- ii. dat limit yo bay nan yon avi ekri apre ECA a ka kòmanse.

**Montan yo Chaje Anjeneral (“Amounts Generally Billed, AGB”)** vle di montan yo chaje anjeneral pou swen ijans oubyen lòt swen ki nesèsè sou plan medikal pou pasyan ki genyen kouvèti asirans ki kouvri swen sa, AGB egi ak pou doktè HCH ap kalkile ak itilizasyon metodoloji retwograd pou kalkile sòm reklamasyon Medicare yo peye yo, divize pa frè total oswa frè “brit” pou reklamasyon sa yo pa Biwo Sistèm lan oubyen HCH chak ane avèk itilizasyon douz mwa reklamasyon peye avèk yon dekalaj 30 ant dat rapò a ak dat egzeyat ki pi resan an.

**Swen ak rabè** vle di yon rabè pasyèl nan montan yo dwe pou pasyan ki kalifye dapre FAP a.

**Sèvis medikal k ap emèje yo** se sila yo ki nesèsè pou yon pwoblèm ki ka menase lavi oubyen ki se rezilta yon blesi grav e ki egzije swen medikal imedyà. Se Lwa sou Tretman Medikal Ijans ak Tranche Aktif la (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA) ki jere pwoblèm medikal sa anjeneral.

**Ekip Dirijan Egzekitif la (“ Executive Leadership Team, ELT”)** vle di gwoup ki konpoze ak nivo administrasyon ki pi wo nan Trinity Health.

**Aksyon Koleksyon Ekstraòdinè (“Extraordinary Collection Actions, ECA”)** genyen ladan l aksyon HCH fè (oubyen ajan koleksyon fè nan non li):

- Retade oswa refize, osinon egzije yon peman anvan pou bay swen nesèsè sou plan medikal paske yon pasyan pa peye youn oswa plizyè bòdwo pou swen yo te bay anvan, ki kouvri dapre FAP etablisman lopital la. Si HCH egzije peman anvan yo bay swen a yon moun ki genyen youn oubyen plizyè fakti ki pa peye, y ap asime egzijans peman sa akòz fakti ki pa peye moun nan amwenke HCH ka demontre ke li egzije peman nan men yon moun dapre faktè ki pa fakti ki pa peye li e ki pa gen rapò.
- Rapòte dèt ki pa peye bay Biwo Kredi yo.
- Fè pouwit legal pou jwenn yon jijman (sètadi sezi salè, egzamen moun ki dwe a.
- Mete sezi sou pwopriyete moun.

**Fanmi** (jan li defini pa Biwo Resansman Ameriken an) se yon gwoup de oubyen plis moun ki ap viv ansanm e ki lye pa nesans, maryaj oubyen adopsyon. Si yon pasyan deklare yon moun kòm yon depandan sou deklarasyon enpo sou revni yo, dapre règleman Sèvis Revni Entèn yo, yo ka konsidere yon depandan nan objektif pou detèmine kalifikasyon dapre FAP HCH la.

**Revni Fanmi** - Revni Fanmi yon moun genyen ladan l revni tout manm Adilt Fanmi an nan kay la. Pou pasyan ki pako gen 18 tan, Revni Fanmi an genyen ladan l revni paran ak/oswa bo-paran, oubyen Revni pa ane paran responsab pou peryòd 12 mwa anvan an oubyen ane fiskal anvan an jan souch chèk resan an oubyen deklarasyon taks yo ak lòt enfòmasyon yo montre l la. Prèv revni yo ka detèmine lè yo analize Revni Fanmi depi kòmansman ane a, ki konsidere to revni aktyèl la.



**Politik èd finansye (Financial Assistance Policy, FAP)** vle di yon politik ak pwosedi ekri ki reponn ak egzijans ki dekri nan §1.501(r)-4(b).

**Aplikasyon pou politik èd finansye ("FAP")** vle di enfòmasyon ak dokimantasyon ki akonpaye ke yon pasyan soumèt pou aplike pou èd finansye dapre FAP HCH la. HCH ka jwenn enfòmasyon nan men yon moun alekri oubyen nan bouch (oubyen yon konbinezon toulede).

**Sipò Finansye** vle di sipò (byenfezans, rabè, elatriye) yo bay pasyan ke li t ap difisil pou peye depans konplè pou sèvis ki nesèsè sou plan medikal HCH bay yo ki reponn a kritè kalifikasyon pou asistans sa.

**Swen Gratis** vle di yon rabè konplè nan montan yo dwe pou pasyan ki kalifye dapre FAP a.

**Revni** genyen ladan l salè, salè revni travay endepandan, konpansasyon chomaj, konpansasyon travayè, peman ki soti nan Sekirite Sosyal, asistans piblik, benefis ansyen militè, pansyon, benefis sivivan, revni retrèt, peman asirans regilye ak anwite, revni ki soti nan eritaj ak obligasyon, lwaye ou resevwa, enterè/dividand, ak revni ki soti nan divès lòt sous.

**Nesesite Medikal** defini jan li dokimante nan Manyèl Founisè Medicaid Florida a.

**Politik** vle di yon deklarasyon direksyon wo nivo sou kesyon enpòtans estratejik Trinity Health oubyen yon deklarasyon ki entèprete piplis dokiman ki jere Trinity Health ki jere dokiman yo. Politik Sistèm yo ka swa politik otonòm oubyen Politik Reflè ke konsèy k ap apwouve a deziyen.

**Rezime FAP a nan langaj klè** vle di yon deklarasyon ekri ki avize yon pasyan ke HCH ofri èd finansye dapre yon FAP epi bay enfòmasyon siplemantè ki vini apre a nan langaj ki klè, presi, epi fasil pou konprann:

- Yon deskripsyon kout kondisyon pou kalifye ak èd yo ofri dapre FAP a.
- Yon rezime kout sou fason pou aplike pou èd dapre FAP a.
- Adrès sit entènèt dirèk (oubyen URL) la ak espas fizik kote pasyan an ka jwenn kopi FAP ak fòm aplikasyon FAP a.
- Enstriksyon sou fason pasyan an ka jwenn yon kopi gratis FAP a ak Fòm aplikasyon FAP a pa lapòs
- Enfòmasyon kontak ki genyen ladan l nimewo telefòn ak kontak fizik biwo oubyen depatman etablisman lopital la ki bay enfòmasyon sou FAP a e ki bay asistans nan pwosesis aplikasyon pou FAP a
- Yon deklarasyon disponiblite tradiksyon FAP a, fòm aplikasyon FAP a, ak rezime FAP nan langaj klè a nan lòt lang, si li aplikab.
- Yon deklarasyon ke yo pa ka chaje yon pasyan ki kalifye pou FAP plis pase AGB a pou ijans oswa lòt swen nesèsè sou plan medikal

**Pwosedì** vle di yon dokiman yo deziyen pou aplike yon Politik oubyen yon deskripsyon aksyon oubyen pwosesis presi ki nesèsè.

**Ministè Sante Rejyonal (“Regional Health Ministry, RHM”)** vle di yon filyal premye nivo (dirèk), afilye oubyen divizyon operasyon Trinity Health ki kenbe yon konsèy direksyon ki genyen sipèvizyon jesyon kotidyen yon pòsyon Sistèm operasyon Trinity Health ki deziyen. RHM yo ka baze nan yon mache jewografik oubyen dedye a yon liy sèvis oubyen biznis.

**Zòn Sèvis** se lis kòd postal ki konpoze zòn mache sèvis HCH la ki konstitye yon “kominote bezwen” pou sèvis swen sante jeneral.

**Nòm oswa Gid** vle di enstriksyon ak oryantasyon siplemantè ki ede nan aplikasyon Pwosedì yo, ki enkli sa ki devlope pa òganizasyon akreditasyon oubyen pwofesyonèl yo.

**Filyal** vle di yon antite legal kote yon RMH Trinity Health se sèl manm sosyete oubyen se sèl aksyonè.

**Pasyan ki pa Asire** vle di yon moun ki pa asire ki pa genyen okenn kouvèti pa yon konpayi asirans, yon plan ERISA, yon Pwogram Swen Sante Federal (san li pa limte a sa, yo enkli Medicare, Medicaid, SCHIP, ak CHAMPUS), Konpansasyon Travayè, oubyen lòt asistans lòt moun pou kouvri yon pati oubyen tout depans pou swen, ki enkli reklamasyon kont lòt pati ki kouvri pa asirans HCH soumèt a yo, men sèlman si konpayi asirans sa fè peman an reyèlman.

**Ijan** (nivo sèvis) se sèvis medikal ki nesèsè pou yon pwoblèm ki pa menase lavi, men ki mande sèvis medikal ki apwopriye atan.

## DEPATMAN KI RESPONSAB

Ou ka jwenn plis oryantasyon konsènan Pwosedì sa nan men VP, Sèvis Finansye Pasyan an, nan Depatman Ekselans Revni an.

## PWOSEDI KI ASOSYE AK LÒT DOKIMAN

- Politik Ekselans Revni Trinity Health Nimewo 1: “Èd Finansye pou Pasyan” (“Financial Assistance to Patients, FAP”) <http://intranet.trinity-health.org/web/policies-procedures/table-of-contents#finance>
- Politik Ekselans Revni Trinity Health Nimewo 2: "Peman Prim QHP ak Pasyan Peyab" <http://intranet.trinity-health.org/web/policies-procedures/table-of-contents#finance>
- Lwa sou Pwoteksyon Pasyan ak Swen Bon Mache: Seksyon Legal 501(r)
- Anèks H Sèvis Revni Entèn (Fòm 990)
- Depatman Trezò, Sèvis Revni Entèn, Obligasyon Siplemantè pou Lopital Byenfèzans yo; Règleman Final: Volim 79, No. 250, Pati II, 26 CFR, Pati 1

- Politik EMTALA RHM Endividyèl yo

## **APWOBASYON**

**Premye Apwobasyon:** 1 avril 2014

**Egzamen/Revizyon Annapre (yo):** 15 Oktòb 2015



## ZÒN SÈVIS HOLY CROSS HOSPITAL 2017-2018

\*Yon zòn sèvis se lis kòd postal ki konpoze zòn mache sèvis prensipal ak segondè Holy Cross Hospital ki konstitye yon "kominote bezwen" pou sèvis swen sante primè.

<b>Zòn Sèvis Prensipal</b>		<b>Zòn Sèvis Segondè</b>	
Kòd Postal	Vil	Kòd Postal	Vil
33308	Fort Lauderdale	33063	Pompano Beach
33334	Fort Lauderdale	33321	Fort Lauderdale
33062	Pompano Beach	33441	Deerfield Beach
33309	Fort Lauderdale	33316	Fort Lauderdale
33060	Pompano Beach	33312	Fort Lauderdale
33069	Pompano Beach	33306	Fort Lauderdale
33311	Fort Lauderdale	33442	Deerfield Beach
33064	Pompano Beach	33068	Pompano Beach
33304	Fort Lauderdale	33313	Fort Lauderdale
33305	Fort Lauderdale	33324	Fort Lauderdale
33319	Fort Lauderdale	33433	Boca Raton
33066	Pompano Beach	33065	Pompano Beach
33301	Fort Lauderdale	33322	Fort Lauderdale
		33071	Pompano Beach
		33317	Fort Lauderdale

Y ap revize Zòn Sèvis Prensipal ak Segondè Holy Cross Hospital chak ane.

## Montan yo Chaje Anjeneral (“AGB, Amounts Generally Billed”) pou 2018

**Montan yo Chaje Anjeneral (“AGB”)** vle di montan yo chaje anjeneral pou ijans oswa lòt swen ki nesesè sou plan medikal pou pasyan ki genyen asirans ki kouvri swen sa yo. AGB egi ak pou doktè HCH ap kalkile ak itilizasyon metodoloji retwograd pou kalkile sòm reklamasyon Medicare yo peye yo, divize pa frè total oswa frè “brit” pou reklamasyon sa yo pa Biwo Sistèm lan oubyen HCH chak ane avèk itilizasyon douz mwa reklamasyon peye avèk yon dekalaj 30 ant dat rapò a ak dat egzemat ki pi resan an.

### **6/1/16-5/31/17:**

#### Pasyan entènè

\$58,441,811.00 / \$303,231,861.00 = **19.27%**

#### Pasyan ekstèn

\$28,471,119.00 / \$201,359,967.00 = **14.14%**

## FOUNISÈ KI KOUVRI AN 2018 YO DAPRE POLITIK ÈD FINANSYE A

Gwoup doktè ak klinik medsen annapre la yo ap bay swen ijans oubyen swen ki nesèsè sou plan medikal nan Holy Cross Hospital e yo kouvri dapre Politik Èd Finansye sa:

**Holy Cross Medical Group, Inc.**

(954)351-4702

Gwoup doktè ak klinik medsen endepandan annapre la yo ap bay swen ijans oubyen swen ki nesèsè sou plan medikal nan Holy Cross Hospital e yo **PA** kouvri dapre Politik Èd Finansye sa. Pou fasilite w, men lis nimewo telefòn pou faktirasyon yo:

**South Florida Medical Imaging**

(954)636-2290

**Sound Physicians (Gwoup Doktè Lopital)**

(954)351-7840

**American Anesthesia**

(954)493-5005

**Doktè Ijans Holy Cross**

(904)346-3088 oubyen (800)833-9986

**EKG Associates**

(954)726-1808

**DJO Global (DME)**

(888)225-4398

*Y ap revize dokiman sa chak trimès.*

**DEKLARASYON ATESTASYON REVNI ENDIJAN POU ÈD FINANSYE**

---

Non Pasyan an

---

Nimewo Kont

Mwenmenm, \_\_\_\_\_ mwen sètifye, ak posibilite pèn legal, ke revni mwen pou douz (12) mwa ki pase yo se te \$ \_\_\_\_\_, e genyen \_\_\_\_\_ moun nan kay/fanmi pwòch mwen. Mwen sètifye ke mwen rete nan kòd postal sa \_\_\_\_\_ ak \_\_\_\_\_ (Peyi).

Pou verifye revni sa yo ka rele mèt travay sa (yo):

---

Non Konpayi an

---

# Telefòn

\*Remak: Ekri "San Travay" si ou p ap travay

Anplis, mwen konprann ke konfòmeman ak S.817.50, ki prevwa ke lè w bay enfòmasyon ki fo pou fè fwod kont yon lopital nan objektif pou resevwa machandiz ak sèvis se yon deli segon degre.

Lè m siyen fòm sa, mwen dakò pou otorize Holy Cross Hospital verifye istorik travay ak kredi mwen nan objektif pou detèmine kalifikasyon mwen pou èd finansye oubyen yon rabè finansye.

---

Non Moun ki Bay Garanti a ak Lèt Detache

---

Siyati Moun ki Bay Garanti a/Dat

---

Non Temwen an ak Lèt Detache

---

Siyati Temwen an/Dat

---

Relasyon Temwen an ak Pasyan an

Eta Florida

Konte Broward

Yo te rekonèt dokiman anwo a devan mwen nan dat \_\_\_\_\_ pa \_\_\_\_\_, ke mwen konnen pèsònèlman oubyen ki te pwouve \_\_\_\_\_ kòm idantifikasyon epi ki te fè yon sèman / oubyen ki pa te fè yon sèman.

---

Notè Piblik

---

Dat





**GID FEDERAL SOU POVRETE 2018**

\*Gid Federal sou Povrete 2018 la aplike pou tout eta ak pou Distri Columbia (sof Alaska ak Hawaii)

<b>Gwosè Fanmi</b>	<b>Gid Federal sou Povrete (Federal Poverty Guideline, FPG)</b>	<b>Si revni an pi piti pase 200% FPG (ki afiche anba a)→ li kalifye pou Èd Finansye Konplè</b>	<b>Si revni an pi gwo pase 200% FPG men pi piti pase 400% FPG (ki afiche anba a)→ li kalifye pou Èd Finansye An Pati</b>
1	\$12,140	\$24,280	\$48,560
2	\$16,460	\$32,920	\$65,840
3	\$20,780	\$41,560	\$83,120
4	\$25,100	\$50,200	\$100,400
5	\$29,420	\$58,840	\$117,680
6	\$33,740	\$67,480	\$134,960
7	\$38,060	\$76,120	\$152,240
8	\$42,380	\$84,760	\$169,520

Pou inite fanmi ki gen plis pase 8 manm, ajoute \$4,320 pou chak lòt manm anplis.

Dokiman Gid Federal sou Povrete a aktyalize chak ane.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite [www.medicaid.gov](http://www.medicaid.gov).

**LÈT SIPÒ**

\_\_\_\_\_ Non Pasyan an \_\_\_\_\_ Nimewo Kont

Sa se pou sètifye ke mwenmenm \_\_\_\_\_ ki se \_\_\_\_\_  
Non Relasyon an

pasyan ki anwo a, bay lojman ak manje **gratis** nan \_\_\_\_\_

pandan \_\_\_\_\_ **ane/mwa** ki pase yo.

Tcheke kazye pou depans pou viv ou bay la:

Lwaye  Ipotèk  Manje  Rad   
Sèvis  Asirans Machin  Gaz  Medikaman  
Lajan

**Èd lajan kach**

Konbyen lajan ou te bay pasyan an pa semèn oubyen pa mwa \$ \_\_\_\_\_

Pandan konbyen tan ou te bay pasyan an lajan an \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_ Siyati Moun k Ap Bay Sipò a \_\_\_\_\_ Dat

Eta Florida Konte

Broward

Siyen epi jire devan mwen jou ki te \_\_\_\_\_ nan mwa \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_, ke mwen konnen pèsònèlman oubyen ki te pwouve  
\_\_\_\_\_ kòm idantifikasyon e ki te fè sèman / ki pa te fè sèman.

\_\_\_\_\_ Notè Piblik Dat \_\_\_\_\_

**AFIDAVIT BANKÈ KI PA FINANSYE**

---

Non Pasyan an

---

Nimewo Kont

Mwenmenm \_\_\_\_\_ sètifye ke

**Mwen gen Mwen pa gen** \_\_\_\_\_ yon Kont Bank okenn kote nan peyi Etazini Amerik.

---

Siyati

---

Dat

Eta Florida Konte

Broward

Siyen epi jire devan mwen jou ki te \_\_\_\_\_ nan mwa \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_, ke mwen rekonèt pèsonèlman ouyen ki te pwouve  
\_\_\_\_\_ kòm idantifikasyon e ki te fè sèman / ki pa t fè sèman.

---

Notè Piblik

---

Dat